




kids around the world™



KIDStory™

LIV'ATELYÉ

Fòmasyon sou Twoma (chòk)

“...Se pa paske li te vle l', men se akòz moun ki te vle l' konsa a. Men, li te toujou gen espwa yon lè la delivre anba esklavaj pouvwa k'ap gate l' la, pou l' ka jwi bèle libète pitit Bondye yo .”

Women 8:20b-21 Bib la

Misyon nou: Fè enpak nan lavi timoun ak pawòl Bondye ki bay lespwa pou transfomè

Nap viv nan yon mond ki san limyè; yon mond kote nou pa janm kap finn konprann pou ki sa trajedi ap pase, espesyalman nan lavi timoun yo. Lanmò, maladi, abi, esklavaj timoun, eksplwatasyon - lis la long anpil. Jezi te vin pou montre nou lanmou papa Bondye ak konpasyon, espesyalman pou sila yo ki eksplwate. Lè granmoun pase tan ak timoun yo, nou gen yon opòtinite pou sanble ak Kris la – pou nou montre lanmou li epi pran swen yo. Konsa, nou ka mennen yon timoun bay Kris la, pandan n'ap kanpe byen djanm bo kote yo pou ede yo jwenn gerizon

Si ou wap li liv sa a kounye a konnen ou se yon moun Kris la menm te chwazi :

Se pa nou ki chwazi m', se mwen menm ki chwazi nou, ki mete nou apa pou n' ale, pou n' ka donnent, pou donn nou ka konsève. Konsa, Papa a va ban nou nenpòt kisa n'a mande nan non mwen. Jan 15:16 Bib la

Objektif nou se pou nou kanpe byen fèm bò kote tout timoun ki te sibi oubyen k'ap eksplwatasyon ak chòk. Istwa nan Bib la ka konsole yo, epi bay bon jan sans ak lavi moun apre gwo dezas, tankou aksidan, maladi, sechrès, tranblemanntè, grangou, inondasyon / tsoumani, povrete, tanpèt, aktivite teworis oswa lagè.

Nou pa kapab fè kòm si nou pa konnen, nan moman difisil, moun bezwen èd fizik pou soulaje soufrans ak lot resous nesesè. Se vre n'ap vini ak èd fizik, men nou bezwen konnen moun reyèlman bezwen èd espirityèl ak lespwa. Lè nou pran tan pou ede granmoun ak timoun konnen kisa Istwa nan Bib la di, sa ede yo konprann gen gerizon ak lespwa nan pawol Bondye.

Lè n'ap kominike epi rakonte istwa pou timoun yo, nou dwe sonje:

- Timoun yo SE PA ti granmoun. Yo gen dwa pa kapab eksplike sa ki te pase oswa pataje santiman oswa emosyon yo nan laak mo yo.
- Bati relasyon ak timoun yo fasil senp men li enpòtan pou pwosesis gerizon an:
 - o Yo bezwen konnen ou w ap " prezan, sa vle di OU LA" pou yo
 - o Ou ap bay yo atansyon epi w'ap tandé yo.
 - o Koute sa y'ap di, pou w ka konnen lè yon timoun vle pataje yon ti sekre ak ou.
 - o Sonje pou w fè w swivi ak bagay timoun yo pataje ak ou.
 - o Fè aktivite yo mache ak laj timoun yo.
 - o Pa fòse timoun yo pou patisipe men ou dwe ankouraje yo fè sa.

Timoun yo se kado ki soti nan men Bondye. Bondye kreye chak timoun e li konnen yo chak. Yo dwe respekte timoun yo, epi fok se granmoun (manman, papa, matant, tonton, ...) ki gen yon pasyon ki pou pran swen yo. Se konsa Bondye kapab itilize nou nan pwosesis gerizon timoun yo.

Nou rekonèt nou menm grannmoun, sa nou genyen, n'ap kontinye fè fas a chok (twoma) nan lavi pèsonèl nou. Nan fòmasyon sa a, ak lesyon ki vin apre yo, sa kapab rive gen kèk bagay nan lavi pèsonèl ou ki te kache yon kote, epi britsoukou ou vinn sonje l. Sa ka rive ou te sibi menm chòk twomatik ou ap eseye kounye a sèvi avè l pou ede timoun yo Jodi a. Pase tan ak Senyè a epi lòt kretyen nan legliz ou, konsa li ap pèmèt ou jwenn gerizon pou pwòp lavi paw. Nan fason sa a, ou ka sèvi timoun yo paske w'ap tankou yon moun ki pase maladi ki kon remèd, konsa ou pap lage konfizyon, ni ou pap fè timoun yo mal, epi kase kè yo.

Ann fè Iwanj Bondye ki papa Jezikri, Seyè nou an, Papa ki gen kè sansib la, Bondye ki toujou la pou ban nou ankourajman an. 4 Li ankouraje nou nan tout lapenn nou, konsa nou menm tou nou ka ankouraje moun ki nan tout kalite lapenn lè n'a ba yo menm ankourajman nou te resevwa nan men li an. 5 Menm jan nou soufri ak Kris la nan tout soufrans li yo, konsa tou, gremesi Kris la, nou resevwa yon gwo ankourajman. II Korint 1:3-5 (Bib la)

Se pou Kris pote gerizon ak ke poze nan lavi w, konsa ou menm tou ou ka fè menm bagay la pou timoun bondye ap mete sou wout.

Nou vle di yon mèsi espesyal, epi rekonèt jefò moun sila yo ak òganizasyon ki te ede nan devlopman materyèl sa a:

- American Bible Society: [Healing Children's Wounds of Trauma](#). Traumahealinginstitute.org
- Awana International: Carol Berry. Awana.org
- Mending the Soul: [Caring for the Vulnerable Child](#). Celestia Tracy mendingthesoul.org
- ReachGlobal: Crisis Response. Mark Lewis go.efca.org

©KIDS AROUND THE WORLD 2016 KATW.NET

Tradiskyon kreyòl liv sila rive posib gras ak konkou:

1. Jacky Gilles, direktè AEE-Haiti.
2. Marie Jolène B. Yzema, KidStory team leader for Haiti.

Lis Koze ki nan liv la

Sesyon 1: Jezi Beni Timoun yo	6
Session 2: Kisa yon Istwa la Bib ye? / Aprann Istwa yo	8
Session 3: Pwosesis Twoma (Chòk)	12
Session 4: Vèbalizasyon (pale) sou yon chòk	13
Session 5: Rakonte yon Istwa	19
Session 6: Rakonte Istwa yon lòt fwa ankò	20
Session 7: Dekouvri repons ak kesyon	21
Apendis:	25
Sa w dwe fè ak saw pa dwe fè nan yon seyans vèbalizasyon	25
• Bagay ou dwe konnen osijè de yon timoun ki anba Kriz	26
• Fey planifikasyon yon lesion	27
• Leson nan Bib la pou timoun ki anba kriz (chòk)	28
• Pran swen tèt ou	46
• Seri Istwa lè moun ap fè fas ak Chòk	47

Plan fomasyon an

Sesyon 1: Jezi beni Timoun yo

- Istwa Biblik : Jezi kalme tanpèt la

Sesyon 2: Kisa rakonte Istwa la Bib ye?\ Aprann konnen istwa

- Kisa kite differan nan lesion an?
- Poukisa nou rakonte istwa? Gwo moso nan KIDStory
- Kreye yon anviwonman
- Aprann istwa

Sesyon 3: Pwosesis twoma

- Kisa twoma ye?
- Etap nan twoma
- Pwosesis twoma soti le evènman an te pase pou tounen nan " yon lot lavi nòmal"
- Lot paj nan fen chapit la (appendis yo)

Sesyon 4: Vèbalizasyon yon Sitiyasyon twomatik

- pwosesis Seyans vèbalizasyon
 - o Aksyon yo
 - o Refleksyon
 - o Santiman ak emosyon

Sesyon 5 – 7: Fomasyon KIDStory

- ✍ Rakonte Istwa
- ✍ Esplike Istwa
- ✍ Dekouvèt ak repons\ kesyon

Sesyon 8: Dènye koze

- ✍ Ranmase sou liv la: Appendis, Leson yo, seri istwa
- ✍ Foto
- ✍ Chan benediksyon

SESYON #1

Pawol Byenvini ak Jezi Beni Timoun yo

Pou nou komanse:

Jwenn yon lòt patisipan epi pataje ak li yon istwa nan laviw ki gen arevwa yon le ou te santi moun pa renmen ou osinon ou pat byenvini nan yon espas.

Itilize liv patisipan epi swiv konsiy sa yo::

- Sèvi ak imajinasyon ou
- Nou ap jis konsantre nou jodia pou'n pale sou istwa Bib la.
- Li enpòtan pou'n pataje konsa nou ka aprann youn nan men lòt

Kote nou soti:

Yon disip se yon moun k'ap travay pou li kapab vinn tankou mèt li. Sa vle di moun k'ap enfliyanse la vil. Timoun yo ap chache di epi fe tout sa monite yo fe. Nan moman monite a ap rakonte istwa, timoun yo te mèt konnen papa ak manman yo renmen yo men se pa nan tout peyi li menm jan.

Rakonte istwa a: Mak 10: 13-16

Esplike Jwèt ak kòd: Pran 5 moso kod ki gen longe 5 pye konsa, mare yo ansanm pou fè yon bèl sèk. Fè timoun yo antre nan mitan tan pwan sou kòd la. Nan lòd ou, timoun yo ap deplase kòd , epi lè ou di, " Kanpe," moun ki gen bout kote kod la fè yon ne a dwe reponn yon kesyon ou genyen sou istwa nan Bib la w'ap rakonte a oswa di sa ki te pase nan yon lot istwa a.

Kesyon dekouvèt :

- Ki sa ou te renmen nan istwa a?
- Ki sa ou te remake pandan istwa sa t'ap takonte ? Ki santiman li te baw?
- Èske ou ka wè timoun yo nan istwa a? Ki ekspresyon ou we sou figi yo? Kijan ou panse yo te santi yo le yo ansanm ak disip yo? Ak Jezi?
- Mwen mande ki sa paran yo te vle nan men Jezi le yo te pote pitit yo ba li a?
- Ki chwa paran yo fè? Disip yo? Jezi? Timoun yo? Ki lòt chwa yo te kapab fè?
- Kisa istwa sa a di nou sou Bondye / Jezi?
- Nan ki fason moun nan katye bo lakay aji tankou disip yo nan bare timoun yo?
- Ki jan legliz nou yo trete timoun yo nan fason sa a?
- Nan ki fason legliz nou yo ap bloke timoun yo pou yo pa vini jwenn Jezi?
- Kouman mwen menm mwen bloke timoun pou y opa vinn jwenn Jezi?

Reponn kesyon sa yo:

- Kisa Istwa sa rakonte nou sou fason Bondye we Timoun?
- Poukisa Bondye relew akòz sa ou we epi tandé jounen jodia?
- Kisa ou santi Sentespri Bondye ap mandew akoz tout sa ou te aprann nan istwa ak nan diskisyon nou yo?

SESYON #2

Kisa rakonte Istwa la Bib ye?\ Aprann konnen istwa

Pataje	Diferans ki genyen sou fason yon leson fet nan lekol dimanch ak fason pou'n anseye nan pwogram Kidstory a
Inivèsèl	<p>Kèk bagay ki menm nenpòt kote pou nenpòt moun:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Apatenans • Istwa yo • Atizana • Mizik • Amizman / Jwèt
Jan leson an bati	<ul style="list-style-type: none"> • Ouvèti (entwodiksyon) • Jan istwa a monte <p>Si ou we gwoup la gen difikilte pou fè diferans nan sa ki gen rapo ak ouvèti ak jan istwa a monte, lè w ap fini sesyon an fè moun yo pataje sa yo aprann sou ouvèti ak jan istwa a monte.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Rakonte Istwa • Esplike istwa • Dekouvet ak repons\ kesyon
Kisa ki fe diferans?	<ul style="list-style-type: none"> • Fasilité kont anseye leson • Tande moun kont Pale ak moun • Istwa kont Mesaj
Rakonte istwa Frè jozèf yo kite gen Jalouzi nan ke yo pou li: Jenèz 37:18-28	<p>Rakonte istwa a nan gwo gwoup la</p> <p>Fè patisipan yo mete yo nan ti gwoup oubyen 4 moun. Nan ti gwoup sa yo, fè yo konnen ou vle yo li istwa Frè jozèf yo kite gen Jalouzi pou li: Jenèz 37: 18-28. Ou ta ka rakonte istwa an premye anvan yo ale nan ti gwoup yo. Aprè ou fin li istwa a, fè yo travay sou yon entwodiksyon ak jan istwa a monte.</p>


APRANN KONNEN Prepare kèw	La Priyè Li istwa plizyè fwa nan diferan vèsyon Bib Chache bon jan Pèspektiv
<p>Jan pou ou mete istwa kouche</p> <p>Sa pa dwe gen arevwa sèlman ak pawòl nan istwa, men okontrè, se pou ou rakonte istwa tankou yon imaj ou gen nan lespri w. Se sa k'ap mache!</p> <p>Mande chak patisipan pou travay sou istwa a pandan 10 minit. Apre sa mande yo ale jwenn yon lòt patne ou byen fe yon ti gwoup kote y'ap gen chans pou rakonte istwa a. Montre enpotans ki genyen nan rakonte istwa, san ou pa bezwen di l bon nèt ale, epi san w pa blyie yon gress pawol.</p>	<p>Nan sekans yo oubyen pati nan istwa</p> <p>Aprann li tankou yon istwa – ou pa dwe fè sa tankou yon bagay w'ap apran pa kè.</p> <p>Repetisyon: Li ENPOTAN ANPIL pou ou rakonte istwa a jan li ye nan Bib la. Li bezwen biblikman EGZAT. Sa vle di nou pa bezwen mete plis pase genyen nan chache lapawoli pa nou oubyen fe entepratasyon istwa nan jan pa nou!</p> <p>Rakonte istwa nan yon fason pou moun kapab SONJE. Se konsa y'ap montre anpil enterè nan istwa, men toujou sorje pou ou kenbe dwat pawol Bondye pase pawòl pa'w. Pou fini, nou vle chak moun kapab rive aprann istwa byen ase konsa yo menm tou kapab RAKONTE'L ak yon lòt moun.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Li epi rakonte • Kat memwa • Desinen Istwa. • Pyès kay n'ap itilize yo. • Jes ak men yo • Pawòl (koze) fondalnatal yo.

ENTWODIKSYON Vs DEKLARASYON SOU JAN ISTWA A MONTE

Komanse li nenpot nan fraz ki nan bwat anba, epi mande patisipan yo pou yo di'w si fraz la se yon entwodiskyon oubyen deklarasyon sou jan istwa a monte.

Entwodiksyon	Jan istwa a monte
• Eske sa rive'w ou konn pèdi?	• Moun jwif yo pat renmen Samariten.
• Eske gen yon moman ou te mete konfyans ou sou yon moun pou ede'w?	• Yon parabol se yon istwa Jezi te bay pou li anseye yon leson (verite)
• Ki bagay ki t'ap fè'w tris anpil si'w rive pedi'l?	• Lalèp se yon maladi ki kapab geri jounen Jodi a. Men nan tan Jezi, Moun yo te pe pou yo p'at trapel nan menm moun ki te genyen'l yo. Si'w te genyen lalèp, ou te dwe ale viv byen lwen lot moun.
• Rakonte nou yon moman nan lavi w kote ou te pè anpil anpil.	• Anvan istwa a, nou we Jezi te bay 5000 moun manje.
• Si'w te kapab ale nenpòt kote nan mond, ki kote t'ap ale?	•

Desinen Istwa a



Istwa Biblik la _____

Pasaj referans nan Bib la _____


SESYON #3

Pwosesis Twoma (Chok)

Definisyon Twoma	<p>Yon sitiyasyon difisil yon moun konnen fè (eksperyans nou fe) li kapab fèn mal kò nou oswa nan kè nou pou yon bon bout tan. Anpil fwa li pote laperèz, laterè ak anpil enpisans.</p> <p>Nan ti gwoup, mande patisipan pou yo desinen yon timoun ki te victim yon sitiyasyon Twomatik. Ak kisa timoun sa yo sanble? Kisa timoun sa yo panse? Ki santiman yo te genyen? Ki kesyon yo poze epi ki enkyetid yo genyen? Kisa ki rive ak moun ki nan antouraj yo? Ak kisa Anviwoman yo sanble?</p> <p>Apre sa, fè tout gwoup yo fe desen yon kominote kit e pase anba yon sitiyasyon twomatik. Kisa ki rive ak moun sa yo nan: Fizik yo, emosyon yo, lafwa yo? Kisa ki rive ak system kite ekziste anvan? Kouman moun yo fè fas ak sitiyasyon ki pase a?</p>
Pwosesis Twoma a	<p>Gade desen ki nan paj 13</p> <p>Aktivite ki gen rapò ak mete kanpe yon kote (Plas) timoun an sekirite</p>
Paj appendix yo	<ul style="list-style-type: none">• Bagay ou dwe konnen• Saw dwe fè ak saw pa dwe fè nan yon seyans vèbalizasyon• Swen pou moun kap bay swen.


SESYON #4

Vèbalizasyon (pale) sou yon chòk




Entwodiksyon	Lè jenn timoun konnen yon sitiyasyon twomatik, premye fason yo reaji se gade kouman yo kapab jwenn asirans bo kote granmoun ki vle ba yo swen. Granmoun ki pi enpotan nan lavi yon timoun se sila yo ki prezan pou pran swen'l. Granmoun sila yo ede timoun yo jwenn sekirite ak estabilite ann apre yo finn viv doule ak chok.
	<p>Pou bese estrès (Nivo chimik la nan sevo a) epi an patikilye etap ki pi long yo, men sa nou ta dwe fè:</p> <ul style="list-style-type: none"> - Pale ak yo sou eskperyans la. Sa ede sèvo a swiv pi byen sak te pase a. - Ede nan retounen nan aktivite ki fèt nan yon jounen, lekol, travay, tan pou manje. - Anmize nan fe jwet, sa'w renmen fè, epi bay blag. <p>Sonje sa: Moun anpil fwa konn santi yo koupab pou retounen nan sa yo te konn fe anvan ou byen yo anmize yo le lot moun nan antouraj yo mouri.</p>
Pwosesis Vebalizasyon (pale) Pran yon blad, epi pete'l bow! Anpil fwa moun konn kenbe (boure) emosyon yo nan ke yo epi yo kite yo ap gwosi. Emosyon sila yo kapab rive yon lè yo eklate si'w pa janm chache yon mwayer pou'w libere yo. Vebalizasyon se pwosesis ki pèmèt yon moun degaje konsyans li yon fason ki sen.	Pwosesis vèbalizasyon kapab fet ak yon moun pou kont li oubyen nan ti gwooup. Nou pral gade kèk etap ki pa prezante okenn danje yon fasiliatè kapab itilize pou ede moun ki victim twoma. Li enpòtan anpil pou nou itilize tout pwosesis la antan n'ap swiv metod sila.
Enfomasyon (kesyon fondalnatal): Mande chak patisipan pou yo panse sou yon sitiyasyon twomatik yo te viv, epi mande yo chak pataje eksperyans sila ak yon lòt patisipan pandan y'ap itilize kesyon ki nan pati dwat bwat sila a.	Nan etap sila, ou vle konnen enfòmasyon sou kijan sitiyasyon an te pase. Ou kapab fe nan poze sou entwodiksyon ak lot aktivite ki gen rapò ak Istwa biblik ou gen pou'w rakonte a. Enfòmasyon: Ki kote'w te ye? Kisa'w te we? Kisa'w te tandem? Kiyès moun ki te ak ou? Gade nivo eksperyans sansoryèl yo -. Kisa ou t'ap fe? Kiyès moun ki te ak ou?

<p>PANSE (Keson ki gen rapo ak Tèt\ Kè)</p> <p>Tounen bo kote patnew la epi kontinye ak dyalòg la pandan'w ap itilize kesyon sila yo.</p>	<p>Lè w konekte ak sa ki gen rapò nan jan moun ap panse, li ede ou konprann pi byen kouman moun nan ye emosyonèlman.</p> <p>Kisa ou te panse lè sa te rive? Ki pi gwo refleksyon ou te rive fe sou sitiyasyon sa a? Kisa ki t'ap pase nan tèt ou lè sa? Eske ou sonje kisa'w t'ap di nan tèt ou lè sa? Ak Ki moun ou t'ap panse le sa? Nan nivo sa, ou rive fe yon koneskyon ak pati mantal nan sèvo a.</p>
<p>SANTIMAN (Keson ki gen rapò ak Kè):</p> <p>Kite chak patnè yo pataje repons yo nan sa ki gen ak wè sou emosyon</p>	<p>Pwochen etap la a se ede moun nan zafè ki gen rapo ak santiman yo. Kounye a pale sou kouman sitiyasyon sa a te make lavi'l. Sa ta dwe bay yon lide sou kouman moun sila djanm nan emosyon li epitou bay chans pou degaje konsyans li.</p> <p>Itilize imaj emosyon ki nan paj 16, epi kite timoun yo pataje ki emoyson yo te genyen.</p> <p>Kisa'w te fè pou'w te fè fas ak sitiyasyon sila a?</p> <p>Kouman sitiyasyon ki te pase a te make'w? Ki bagay ki bon epi ki pa bon ki pase akoz sitiyasyon sa a ?</p> <p>Eske ou remake nenpot ki doulè fizik depi sitiyasyon sa a ?</p> <p>Kouman sitiyasyon sa a make lavi nomal chak jou ou?</p> <p>Sa kapab ede'w konnen si timoun yo bezwen pi plis èd pase sa'w kapab bay.</p> <p>Fè anpil jefè pou ankouraje yo fè tout sa yo te konn fè anvan. Fè yo konnen sa yo santi yo nòmal oubyen yo panse kòrèk!</p>




Confident



Confused



Guilty




Happy




Frustrated



Sad



Hopeful




Exhausted




Mischiefous



Frightened




Angry




Lonely



In Love



Anxious



Jealous

SESYON #5 Rakonte Istwa

<p>Fason Bondye</p> <p><i>Mete aktivite enteresan nan fason w'ap rakonte istwa pou ka fè li parèt byen vivan, konsa timoun ap antre nan istwa.</i></p> <p><i>Toujou sonje, nou bezwen rete EKZAT ak tout sa Bib la di, kidonk pa mete pase genyen</i></p> <p>Bay chak gwoup yo yon moso twal, epi mande yo kouman yo kapab itilizel' pou rakonte istwa frè jozèf yo ki te gen jalouzi kont li.</p>	<p>Sa nou pa dwe bliye</p> <ul style="list-style-type: none">• Lakansyèl lè inondasyon finn pase• Jan Toma te santi I lè I te we de (2) twou yo nan men Jezi <p>Sa nou pat espere</p> <ul style="list-style-type: none">• Balaam ak Bourik li a• Moyiz ak touf bwa tou wouj la• Sòl pa wè nan de je'l• Gerizon chef Naaman• Gerizon nonm avèg la <p>Plizyè sans moun aprann</p> <ul style="list-style-type: none">• Vizyèl: Foto, objè, kostim (rad)• Manyen: bagay moun kapab manyen, dlo• Tande: Bri mizik• Santi: lanson, pwason• Goute: Manje <p>Viv sa'w aprann</p> <p>Jezi te viv sa'l aprann ak disip li yo— Li pat sèlman anseye yo, men li te travay pou bay lavi yo fòm. Li pa't mete tèt li sou yon pyedestal, men li te sevi yo. Kouman nou kapab fe menm jan ak Jezi?</p> <p>Anpil fwa, aksyon nou yo ak atitid kapab ede timoun konnen ki moun Jezi te ye e kouman li sèvi moun ki nan istwa biblik yo.</p>
<p>DIFFERAN FASON POU W RAKONTE YON ISTWA</p>	<ul style="list-style-type: none">• Premye moun nan : tankou si ou te youn nan pèsonaj nan istwa• Twazyèm moun nan: Tankou moun k'ap rakonte istwa a• Zouti yo: papye, kreyon, make.• Objè: Rad, Espre, boutèy...• Pyes teyat la• Mouvman ak men yo• Moun k'ap swiv pyes la• Yon moun ap li istwa a, epi lòt moun yo ap fe aksyon li di yo.

Oganizasyon prezantasyon an

Mande patisipan yo pou vire gade patnè yo a. Y ap itilize fèy 16 nan liv la kote y'ap jwenn plizyè kalte santiman moun konn gen sou figi yo, y'ap chwazi pou pi piti 5 kalte patnè yo a dwe fè. Apre sa, mande lot patnè'w la fe menm bagay la. Yon bagay nou ka fè, se pou yon patnè fe figi yon jan, epi lot la ap devine ki santiman ki sou figi li.

Travay ak moun ki bo kote'w la oubyen fè yon ti gwoup, konsa chak moun a rakonte istwa frè Jozèf yo ki te gen Jalouzi pou li, men fwa sa itilize kèk nan teknik sou fason moun rakonte istwa. Li se yon obligasyon pou chak moun di korèkteman sa bib la dia, epi pa mete pase genyen.

- Mouvman
 - Kouman figi ou ye: Jan figi ou ye fè moun kapab kwe nan istwa; *ou pa bezwen di anpil bagay ou konn kouman pou'w itilize figi'w byen.*
 - Moun k'ap tandem istwa a: *anpil fwa li enteresan pou'w fè kèk nan timoun yo oubyen tout timoun yo patisipe nan rakonte istwa.* *Sa kapab rive lè'w itilize:*
 - Yon pawòl oubyen fwaz yo kapab di plizyè
 - Itilize men ak lòt pati nan ko yo pou fè mouvman
 - Itilize mizik oubyen lot son
 - Itilize chan timoun konnen
 - Fè tout moun patisipe: *fè aksyon (mouvman) nan tout dewoulman istwa oubyen nan kèk pati.*
 - Itilize Vwa ou.
 - ○ Mete varyasyon nan vwa w
- Fe ti poz: *Se yon bagay ki itil anpil nan yon istwa oubyen yon diskisyon. Penga ou pe silans, sa bay Sentespri Bondye plas pou travay pandan tout bagay byen trankil sa ede anpil nan istwa a pase nan tet timoun you pou ale dwat nan ke.*
- Pa pale two rapid, konsa w'ap ede timoun yo swiv istwa jouk li fini net.

SESSION #6 Koman pou'n Esplike Istwa

Li enpòtan anpil pou monite a kounye a rakonte istwa a ankò, konsa li kapab fè limyè sou tout bagay ki dwe ekzat ak Bib la. Yon fason ou kapab fè sa se si tout patisipan yo gen yon Bib, mande yo pou louvri epi konsa li istwa anko nan Bib la. Ou ka mande yon moun pou fè sa, oubyen ou kapab poze kesyon moun yo ap bezwen reponn antan y'ap chache repons yo nan Bib la. Sa ta dwe ede anpil s'i'w fè aktivite nan ti gwoup pou ankouraje plis timoun patisipe nan istwa a. Sa ede timoun yo sonje istwa, konsa yo kapab rakonte yon lòt tizanmi yo li.

Jwèt utilize yon jwèt antan gwoup la rakonte yon lot fwa istwa frè Jozèf yo kite gen jalouzi pou li. Aprè sa bay chak gwoup yo yon aktivite nan lis la. Kite yon tan pou chak gwoup kapab rive fè yon prezantasyon.	<ul style="list-style-type: none">• Jwèt : Ti boul yo jwe bo lanme• Jwèt: Ti boul ak Sèk itilize yon ti boul oubyen yon lot obje• Jwèt Kòd la• Chèz mizikal• Tan• Istwa kat yo• Jwèt De
Desen	<ul style="list-style-type: none">• Desinen sou gwo fèy papye• Ti Liv pèsonel• Netwaye tiyo• Clay or Play Doh
Teyat	<ul style="list-style-type: none">• Act-it –Out• Tablo Flanèl• Devinèt• Lekti ak son• Objè• Maryonèt• Mim
Mizik	<ul style="list-style-type: none">• Rap• Pawòl pou nouvo chan• Rit• Dans

SESYON#7 Dekouvri repons ak kesyon

Poze kesyon ak Fè diskisyon enpòtan anpil nan pwoesisis rakonte istwa a! Sèlman konnen enfòmasyon yo se pa sa ki pi enpòtan. Yon lidè ta dwe ede gwoup la sonje kèk nan bagay ki pase nan istwa a ak sa li fè yo santi. Sa a pèmèt Sentespri Bondye a fè travay li pou'l kapab rive chanje lavi yon moun pou l vin sanble pi plis ak Seyè Jezi Kris. Jezi li menm te toujou poze kesyon nan lide pou te ede moun gen yon pi bon konpreyansyon ak transfòmasyon nan kè. Lè nou facilite bon jan diskisyon sa ede timoun yo dekouvri trezò nan Bib la , konsa yo kapab aplike li nan lavi yo.

Kesyon dekouvèt yo (fouye zo nan kalalou)	<p>✍ Tèt (konesan\ sak pase) kesyon sa yo ede nou sonje sa'k te pase nan istwa.</p> <p>✍ Kè (Santiman) pase anpil tan nan facilite moun yo pataje eksperyans sou divès kalte santiman istwa sa pote lakay yo, epi mande yo, kisa oubyen poukisa. Pran anpil prekosyon, epi kite Sentespri Bondye dirije'w lè w'ap chache konprann repons patisipan yo. Pa janm fini satisfè nèt ak premye repons patisipan yo bay.</p>
Kesyon pou bay repons <i>Men kèk egzanp sou tout kesyon sa yo ou ka jwenn nan paj 23-24. Ou ta ka sèvi ak tankou kesyon pou w kòmanse, chache lòt kesyon tou pou w prepare lesson ou yo. Sa se pa yon chèk-lis kesyon men yon dekouvet tout sa Sentespri a se vle fè nan kè yon moun nan ak lavi l.</i>	<p>✍ Men (aksyon) "kounye a ki repons pèsonèl ou kapab chache pou lòt semen k'ap vini yo.</p>

<p>Kesyon fondalnatal yo</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Kisa ou t'ap panse lè istwa a t'ap rakonte a? (Tèt/ Kè) • Ki pati nan istwa a ou te renmen anpil ? Kisa ou te renmen ladan I ? (Tèt) • Di nenpot ki bagay nan istwa te parèt difisil pou w konprann? (Tèt) • Ki chwa moun yo te fè? Ki lòt bagay yo te kapab fè? Kisa ki te pase akoz chwa yo te fe a? (Tèt) • Yon bagay ou aprann sou Bondye ki diferans sa a pral fè nan fason ou renmen I epi ou vle viv ak sèvi li? (Tèt\Kè) • Ou ta renmen konnen Bondye nan fason sa? Èske gen yon bagay k ap pase kounye a menm nan lavi ou kote Bondye ta kapab ede ou? (Kè) • Kisa Sentespri Bondye ta renmen ou fè Jodi a menm akoz istwa sila ou te tande (Men)
<p>Fè patisipan yo jwenn nan ti gwoup yo 3-4. Fè yon sèl moun rakonte istwa a Jozèf ak Frè l yo ki te jalou. Fè yon gwoup vini ak kesyon sa yo ak pratik mande:</p> <ul style="list-style-type: none"> • 3 Kesyon Tèt • 5 Kesyon kè <p>Kesyon • 2 Nan Men / Repons</p> <p>Kounye a li lè pou gwoup yo ale nan yon tan diskisyon ansanm.</p> <p>Fè chak gwoup chwazi yon sèl moun pou jwe wòl lidè a.</p>	<p>Pa chèche yon sèl repons chache plizyè moun pou reponn.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Pouse kesyon tounen nan gwoup la pou diskisyon. Anpil fwa lè lidè an bay repons an premye, brase lide a konn kanpe la • Si gen yon repons ou pa konnen vini lot semenn ak repons la.

Kesyon REPONS AK DEKOUVET

Kesyon dekouvèt yo – Tèt (Enfomasyon):

- *Ojektif mwen se pou m rive konprann tout sa ki anndan istwa a.*
 - *Kisa Istwa a rakonte? Kisa k'ap pase nan istwa a?*
 - *Mwen vle KONNEN ki moun Bondye ye nan etidye pawòl li.*
- a. Kisa ou t'ap imajine le istwa sa t'ap rakonte? Kouman li te fè w santi w ?
 - b. Eske w kapab imajine si w te la? Kisa w tande\ we\ santi antan istwa t'ap rakonte?
 - c. Kisa nan istwa sa ki ta kapab fe w leve kanpe?
 - d. Kisa Bondye\ Jezi te vle anseye moun yo nan istwa sa?
 - e. Ki kote nan istwa anvan yo ou te wè Bondye te aji konsa?
 - f. Eske w te tande kèk bagay ki fe w sonje istwa kite rakonte anvan yo? Ki koneksyon ou kapab fè?
 - g. Ki lot istwa ankò ki pale sou bagay tankou _____?
 - h. Eske te gen yon bagay nan istwa te parèt difisil pou w konprann?
 - i. Kouman istwa te pale sou Bondye\ epi montre relasyon Jezi te genyen ak moun yo?
 - j. Kisa ou te aprann sou _____ Relasyon w ak Bondye\ Jezi nan istwa sa?
 - k. Kouman Bondye\Jezi te reponn ak bezwen moun yo nan istwa? Kisa bagay sila montre nou?
 - l. Kouman Bondye\ Jezi te repon, epi kilè li fè sa....?
 - m. Kouman moun yo te reponn...?
 - n. Kisa Bondye\ Jezi te fè ... ?
 - o. Kisa Bondye\ Jezi te anseye oubyen te montre moun yo nan sitiyasyon sila ?
 - p. Di kek bagay ou aprann jodi a ki gen rapò ak ... ?
 - Bondye?
 - Jezi?
 - Istwa sila?
 - Kisa sa vle di swiv Jezi?
 - Tèet pa w?
 - q. Kisa nou apran ki gen rapò ak ki moun Bondye \Jezi ye?
 - r. Ki chwa moun yo te fe? Ki lòt sa yo te kapab fe? Kisa ki te pase akòz chwa yo te fè a?
 - s. Kisa ki chanje kwayans, konpotman ak atitud yon moun te fè eksperyans nan istwa a?
 - t. Kisa ou te souliye ki gen rapò ak Bondye\Jezi nan istwa?
 - u. Ki bagay moun sila te sakrifye pou l te kapab swiv Bondye\ Jezi?
 - v. Kouman pesonaj sanble oubyen yo diferan nan istwa sila?
 - w. Nan ki fason sitiyasyon nou sanble?

Kesyon dekouvèt yo – Kè (santiman):

- *Ojektif mwen se rive konekte emosyonelman epi espirityelman ak istwa sila. Mwen vle kite istw a sila jwenn plas anndan kè m.*
 - *Kouman istwa sa gen rapo ak lavi m'*
 - *Poukisa istwa sa enpotan? Poukisa li enpotan pou mwen?*
 - *Mwen vle RENMEN Bondye nan etidye pawòl li.*
- a. Kisa ou renmen ki gen rapò ak istwa sa? Eske gen yon bagay ou pa renmen nan istwa?
 - b. Kisa nan istwa sa ki ta kapab fè w leve kanpe?

- c. Kisa ou panse ki te pi enpòtan nan istwa Jodi a?
- d. Ki santiman ou te genyen antan w t'ap koute istwa a? kouman ou t'ap santi w si...?
- e. Kisa ou t'ap imajine le w t'ap tande istwa sa?
- f. Kisa ou t'ap mande tet ou le istwa sa t'ap rakonte?
 - Ki santiman ki t'ap bouyi anndan w ...?
 - Ki santiman ou panse ki te motive w...?
 - Ak kisa ou panse li te sanble...?
- g. Kisa ou panse ki t'ap pase nan _____ ke ak lespri nan istwa sila ?
- h. Kisa ki se yon sipriz oubyen ki fe w sezi ki gen rap oak istwa Jodi a?
- i. Kiyes pèsonaj nan istwa Jodi a ki plis touche w?
- j. Kisa ou santi ki enpòtan anpil pou Bondye\ Jezi? Epi pèsonaj sila?
- k. Nan ki fason nou konsa tou_____ ? Nan ki fason nou diferan?
- l. Apre ou finn tande istwa a, kouman sa ta kapab chanje fason ou wè pwòp tèt ou?
- m. Eske Bondye pa janmen sèvi ak ou ...?
- n. Poukisa ou fè sipozisyon sa...?
- o. Poukisa ou panse Bondye mete istwa sa nan Bib la?
- p. Kisa w santi ki gen rapo ak Bondye\ Jezi kounye a menm?
- q. Ki bagay ou pa't janmen reyalize anvan Jodi a?
- r. Ki bagay ki pi enteresan ou tande Jodi a?
- s. Kouman istwa sila te pote yon defi oubyen ankoujman nan lavi w?

Kesyon repons yo – Men (Aksyon)

- *Objektif mwen se poum chache direksyon bo kote Sentespri Bondye poum kapab mete an Pratik sa mwen te aprann nan istwa sila.*
- *Kouman mwen ta dwe fè sa istwa sa mande mwen fè nan lavi m ?*
- *Kisa Bondye vle mwen fè, espesyalman, ak bagay mwen te aprann nan istwa sila ?*
- *Mwen vle SEVI Bondye nan aprann obeyi ak sa m aprann nan pawol li.*

- a. Kisa w tandé jodia ki fè w panse ou ta dwe fè yon chanjman nan laviw?
- b. Nan sa w aprann jodi a, Kisa ou santi Bondye\ Jezi\ Sentespri mande w pou w reyalize?
- c. Kisa w panse Bondye\ Jezi\ Sentespri ap di w ?
- d. Kisa w ta dwe Fè yon lot fason akoz istwa Jodi a? Kijan sa pral yon diferans nan lanmou w pou Bondye ak fason w ap sèvi !?
- e. Kisa w te aprann nan sa ki gen rapò ak swiv Jezi nan istwa sila? H Kouman w kapab fe sa tounen yon reyalite nan laviw semenn sa menm?
- f. Kijan nou ta dwe reponn Bondye\Jezi Jodi a menm?
- g. Apre w finn tande istwa sa , èske w pral viv yon lot fason ?
- h. Eske w ta renmen konnen Bondye nan fason sila? Eske gen yon bagay ki rive nan lavi w kounye a menm kote w ta renmen Bondye\ Jezi\ Sentespri ta kapab pote w sekou?
- i. Ak Kiyès moun ou kapab pataje istwa sila semenn sa ?
- j. Kouman ou panse Bondye vle ou patisipe nan istwa sila?

APENDIS

Sa nou dwe fè ak sa nou pa dwe fè pou n ede yon moun soulaje konsyans li apre moman kriz

Sa w dwe fè

- Fe moun konnen nenpot kisa yo santi nan moman kriz sila li nòmal. Pa gen move fason pou moun santi yo. Chak moun se yon moun, kididonk chak moun kapab santi yo yon fason. Asire w chak moun santi l gen konfyans pou l pale.
- Fòk ou koute! Se poutèt sa Bondye ba w de (2) zorey, yon sel bouch. TANDE.
- Pa poze anpil kesyon, epi lè w'ap fè sa, pa poze kesyon dirèk yo (wi oubyen non). Ekzanp: Ki ekspreyans ou te fè nan tranblemann tè a?
- Ankouraje tout moun nan gwoup la pou yo pale.
- Sèvi ak mo "Reskape" nan plas mo "Viktim."
- Penga ou gen pwoblèm ak silans yo.
- Pran swen pwop tèt pa w. Fatig konpasyon se yon gwo koze. Bay lòt moun swen difisil, epi li kapab ou blyie pwop tèt Pa w. Repoze w! Pale sou eksperyans ou te fè nan kataswof ! fè espò! Manje! Pran tan pou fanmi w!

Sa w pa dwe fè

- Pa fè sipozisyon nan sa ki gen rapò ak sa moun ki viv katastwòf yo sibi oubyen nan sa yo pase.
- Pa mete nan tet ou tout kite viv katastwof la pral sibi gwo chòk.
- Pa rabese oubyen pran pitye pou moun kite viv kataswof la, epi pa pase tout tan w nan gade feblès li, pwobleml li ak fòs li pa genyen.
- Pa mete nan tèt ou tout moun kite viv katastwof vle pale oubyen bezwen pale ak ou. Anpil fwa, prezans ou sèlman se yon gwo sipo, epi tèt poze w kapab yon fason pou w ede moun santi yo pi an sekirite, epi soti nan kriz la pi rapid.
- Pa voye monte ou byen bay enfòmasyon ou pa konnen byen. Si w pa kapab reponn kesyon yon moun, fè tout Sa w kapab al bouske enfòmasyon.
- Le moun yo fè silans, penga ou chache poze kesyon pou w konble tan sila oubyen bay pwòp istwa Pa w. Se pa moman Pou w ap rakonte istwa pwòp tèt ou, men sonje ou bezwen kite moun yo konnen ou konprann sitiysayon y'ap viv la.

APENDIS

Sa nou dwe konnen pou n ede yon timoun k'ap viv yon kriz

Chanjman nan Konpòtman:

- Laperèz pou yo pa separe ak paran yo
- Timoun yo vinn plis kole (depann) sou paran yo
- Timoun yo vinn pliz agresiv
- Timoun yo konn genyon konpotman kote yo anvi kache santiman yo
- Timoun yo kriye pou nenpot ti bagay, ti krik,ti krak yo fè gwo kòlè.
- Timoun yo pa jwe twop, gen anpil chanjman nan konpòtman yo, epi yo frèt, frèt.
- Timoun yo bezwen moun pou pran swen yo, paske yo pa kapab fe l yo menm.
- Timoun yo pa kapab domi leswa, yo leve nan dòmi anpil.
- Timoun yo tounen tibebe la la nan konpotman yo. Se tankou yo tounen deye.
- Timoun yo konn mete dwet nan bouch yo.
- Timoun yo gen laperez pou mache nan fènwa.
- Timoun yo pedi nan fason yo te konn pale, epi yo konn gen pwoblèm pou yo sonje
- Timoun yo konn viv yon lot fwa sitiyasyon katastwòf la nan fe teyat sou li.
- Timoun yo konn pa vle sonje s'ak te pase yo nan katastwòf la.

Kouman pou nou fè konfyans ak estabilite tounen lakay Timoun yo:

- Reponn kesyon Timoun yo yon fason yo kapab konprann, konsa y'ap rive konprann sitiyasyon katastwof kite pase a, epi chanjman li pote nan lavi yo.
- Bati yon plan sekirite pou fanmi yo.
- Fè Timoun yo patisipe nan aktivite ki gen rap oak laj yo ki ap ede lespri ak Kò yo.
- Jwenn kek bon fason pou Timoun yo anmize yo, epi santi yo alez youn ak lòt.
- Ede Timoun yo jwenn pawòl pou di kouman yo santi yo.
- Bay tradisyon ki gen nan fanmi Timoun yo vale, sa ap ede yo vinn pi soude ak fanmi yo.
Ekzanp: Tire kont, Fèt, Sòti nan fanmi yo ...
- Chache chanjman ki gen nan konpotman Timoun yo
- Ede Timoun yo tounen viv jan yo te konn viv anvan katastwòf la.
- Tabli bon jan limit nan pasyans nan lavi Timoun yo
- Bay Timoun yo lanmou ak afeksyon.

Kouman pou w ede timoun ki twamatize

- Montre ou disponib pou'w tandé timoun
- Itilize yon vwa ki gen yon ton kal
- Mete'w nan ote (nivo) timoun nan – bese ko'w oubyen chita ate
- Bay timoun yo asirans y'ap gen sekirite le yo ansanm ak ou.
- Pa rabese sa timoun nan santi, tankou pou'w ta di'l sispann fe Bebe lala, pa kriye ”
- Swiv fason timoun la nap ale:
 - Si timoun nan vle pale, tandé
 - Bay timoun yo chans pou montre laperèz yo pandan w'ap ede yo.
 - Ede timoun yo idantife santiman k'ap travèse yo.

APENDIS

FEY POU PREPARE YON LESON

Kòmanse:

- Chwazi yon kesyon oubyen yon aktivite kote timoun yo kapab pataje pwop istwa pa yo.
- Eske repons ak kesyon sa a pral fe soti yon emosyon ki lakay timoun nan?
- Poze kesyon ki bezwen yon repons ki pi plis pase "Wi " oubyen "Non"

Rasin istwa a:

- Eske gen pawòl ki bezwen eksplike?
- Eske kote (zon, peyi plas) istwa sa te pase enpotan pou timoun yo konnen?
- Eske te gen bagay ki te pase anvan istwa ki enpotan pou timoun yo konnen?
- Eske gen Tradisyon (bagay kiltirel) ki pa menm ki ta dwe enpotan pou bay eksplikasyon sou yo?
- Eske gen bagay nan istwa ou te we anvan ki ta dwe bon pou gade yon lòt fwa?

Rakonte Istwa:

- Eske mwen dwe fè Timoun yo patisipe nan rakonte istwa a?
- Eske gen kèk bagay ki dwol (tris, lajwa, laperez ...) ki ta dwe fè timoun plis gen anvi tandé, epi patisipe?
 - Eske gen yon imaj mwen kapab montre timoun yo?
 - Eske gen kek pati nan istwa sa ki bezwen fabrike, tankou lis non moun yo ak plas yo?
- Eske longe istwa bon pou Timoun yo rive aprann li, pou yo kapab pataje l ak lòt ti zanmi yo?
- Eske gen yon pesonaj nan istwa mwen vle pale sou fason ki gen rapo ak eksperyans timoun yo?

Rakonte istwa yon lòt fwa:

- Kisa Timoun mwen yo renmen fè anpil, anpil?
- Eske gen yon aktivite mwen Pa t janm fè ki ta kapab bay Timoun yo plis angajman pou patisipe?
- Eske gen materyèl a gogo pou tout Timoun rive patisipe?
- Eske Timoun yo rive kenbe verite ki nan Bib yo EKZAT le y'ap rakonte istwa a yon lot fwa?

Kesyon dekovèt:

- Eske mwen te lapriye konsenan lesón sila pou m te ka gen yon like kote Sentespri Bondye t'a vle Mennen diskisyón sa a?
- Eske kesyon mwen prepare pou poze Timoun yo angaje ke yo, pa selman tet yo?
- Ki pati nan istwa k ap plis mache ak lavi Timoun yo? Eske mwen prepare kesyon pou fè diskisyón an vanse, kouman Sentespri Bondye kapab t'a kapab ede m nan fason sa a?

Kesyon repons:

- Kouman mwen pral fini lesón sa a – Kiles kesyon repons ki t'a dwe mache pi byen?

APENDIS

Leson nan Bib la pou Timoun ki viktim gwo Kriz

Seri Istwa sila a kapab itilize pou ede timoun tounen kanpe djanm le yo finn viv gwo chok annapre katastwof naturel. Pifò istwa yo pale sou lavi Jozèf ki te konnen eksperyans divès kalte evènman twomatik menm le li pa't ankò konprann ke Seyè a te kanpe bo kote li pandan tout bagay sa yo.

Semen	Tit Leson an	Istwa Biblik	Aplikasyon nou espere ki fet	Not pou'w itilize
1	Mwen enpotan pou Bondye	Jezi beni timoun yo Mak 10:13-16	Bondye pran plezi nan kreye epi develope zanmitay ak timoun yo	Rasin istwa kreyasyon Adan ak Ev
2	Poukisa bagay sa te rive ?	Peche antre nan Lemonn Jenez 3	Move bagay rive tout moun akòz nou separasyon ak Bondye	Bagay ki blese kò ak bagay ki blese ke
3	Mwen santim tankou ...	Jozèf ak frè jalou li yo Jenèz 37	Sa bon pou nou pataje Sa nous anti ak Bondye	
4	Plis move bagay rive	Jozèf nan prizon Jenèz 39	Pataje ak moun ou fe konfyans	Mache ak konfyans
5	Mwen santi'm pou kont mwen	Yo bliye Jozèf nan prizon Jenèz 40	Pafwa bagay yo vinn pi mal anvan yo vinn pi bon	Tablo santiman yo
6	Gen Lespwa	Jozèf sòti nan Prizon Jenèz 40-41	Pedi yon moun ak lot bagay ki enpotan pou ou	Rasin pwosesis dey la
7	Kenbe tout bagay anndan'w	Jozèf jwenn ak frè'l yo. Jenèz 42-44		
8	Jwenn	Jezi konprann doulè ak pèt Lik 23:39-24:7	Istwa pak	Rasin istwa Nwèl la . Eske nou komanse wè kèk bon bagay?
9	Yon lòt komansman	Jozèf padonnen fre li yo Jenèz 50:1521		

APENDIS

Mwen enpòtan pou Bondye

Mak 10:13-16

Semen # 1	Jezi beni timoun yo
Entwodiksyon	Pataje yon istwa ou te santi moun pa t renmen w oubyen yo pa t resevwa ou ak kè kontan.
Rasin istwa	La Bib di nan kòmansman Bondye te kreye tout bagay epi li yo bon. Men le li te le fini kreye Lom, Bondye te di sa bon anpil. Nan Som 139 :14, La bib di nou Bondye te kreye Lom yon fason ki bel anpil, sa se yon mèvèy. Nan tan istwa biblik sa, moun yo pat renmen timoun, epi yo pat ba yo vale. Sonje, yon disip se yon moun k'ap chache aji epi pale menm jan ak met li, epi k'ap chache fè menm bagay tet koupe ak mèt li.
Rakonte istwa a	
Rakonte istwa a yon lot fwa	Jwèt ak kòd: Pran 5 moso kod ki gen long pye konsa, mare yo ansanm pou fè yon bèl sèk. Fè timoun yo antre nan mitan tan pwan sou kòd la. Nan lòd ou, timoun yo ap deplase kòd, epi lè ou di, "Kanpe," moun ki gen bout kote kod la fè yon ne a dwe reponn yon kesyon ou genyen sou istwa nan Bib la w'ap rakonte a oswa di sa k pral pase nan istwa a.
Kesyon dekouvèt ak respons	<ul style="list-style-type: none"> • Kisa ou te renmen nan istwa jodia ? • Eske ou imajine kouman ou t'ap ye nan istwa? • Kisa ou panse timoun yo te santi nan dewoulman istwa sila a? • M'ap mande poukisa disip yo te bloke timoun yo pou yo pa t vinn bo kote Jezi. • Imajine ou te la bò kote Jezi epi li d'i'w vini. Lè sa a ou wè li pran timoun yo nan bra li. • Imajine ou se youn nan timoun sa. Kouman ou t'ap santi'w? Kisa'w wè la a? • Ak kisa ou t'ap renmen Jezi beni'w? • Kisa istwa sa a aprann nou sou kiyès moun Jezi ye ? • Kisa ou santi Sentespri Bondye vle ou fe kounye a menm ak tout sa ou soti tande epi aprann Jodi a? • Ak kiyès ou ta renmen pataje istwa sila a semen sa?

Pasaj pou istwa a: Mak 10:13-16

13.Yo te mennen kèk timoun bay Jezi pou l' te mete men sou tèt yo. Men disip yo t'ap di moun yo pa fè sa.**14** Lè Jezi wè sa, li pa t' kontan menm. Li di disip yo: -Kite timoun yo vin jwenn mwen non. Pa anpeche yo vini, paske Peyi kote Bondye Wa a, se pou tout moun ki tankou timoun sa yo.**15** Sa m'ap di nou la a, se vre wi: Si yon moun pa asepte otorite Bondye a tankou yon timoun, li p'ap janm ka mete pye l' nan Peyi kote Bondye Wa a.**16** Apre sa, li pran timoun yo nan bra l', li mete men l' sou tèt yo chak, li beni yo.

Pouki sa te rive fèt?

Jenèz 3:1-13

Semen # 2	Peche antre nan lemonn
Entwodiksyon	Mande chak timoun pou'l pataje yon moman nan lavi'l kote li te blese pwòp tèt pa'l.
Rasinn istwa a	Mande timoun yo kisa ki bezwen fèt pou yo kapab jwenn swen pou blese fizik sila a. Eske se sèlman yon pansman ou bezwen fè? Sa ka rive gen zo ki kase epi ou ta bezwen fe yon operasyon. Kiyes ki te ede timoun pou kapab vin byen ankò? Konbyen tan sa k'ap pran? Kisa ki k'ap rive si nou pa pran swen zo kase sa byen? Pafwa kè nou konn blese. Ak kisa kè'w santi'l sanble lè konsa? Le sa kouman chak pati ki nan kò nou konn santi yo pafwa? Kouman nou kapab ede ke ou vinn pi bon menm jan nou fè pou kò fizik nou? Kiyes moun ki kapab ede nou? Konbyen tan sa kapab pran konsa? Antanke yon pati nan kreyasyon an, Bondye te kreye yon jaden kit e bel anpil pou Adan ak Ev pou yo te kapab viv. Yo te rele jaden sila a Eden. Bondye te ba yo yon komandman yo te dwe obeyi. – Yo pa't dwe manje don pye bwa ki nan mitan jaden paske li bay konesans osijè byen ak mal. Bondye gen yon lenmi. Non li se Satan, anvan li te yonn nan bi bel zanj yo men li te revolte kont Bondye, epi konsa li te pèdi plas zanj li. Nan istwa, Satan itilize yon bagay pou li vini kont Bondye. Ann koute kouman li te fè sa.
Rakonte Istwa	
Rakonte istwa a yon lot fwa	<p>Chèz mizikal: Ranje chèz yo nan fom yon wonn. Dwe genyen pi piti chèz (youn anmwens) pou kantite timoun ki nan gwoup la. Antan timoun yo ap mache fe ronn chèz yo, jwe yon ti mizik. Lè ou di KANPE, chak timoun dwe degaje yo pou jwenn yon chèz pou chita. Timoun kip a jwenn chèz pou'l chita ap rakonte premye pati nan istwa a.</p> <p>Jwe mizik la ankò, epi fè timoun yo rapousib nan mache dèyè ronn ki fèt ak chèz yo pou jouk tan ou di KANPE. Le ou di KANPE, chak timoun dwe chache yon chèz pou chita, nenpot timoun ki pa jwen chèz pou'l chita ap rakonte lot pati nan istwa. Kontinye fe jwèt la pou jouk tan ou fin rakonte istwa a yon lòt fwa.</p>
Kesyon dekouvèt ak repons yo	<ul style="list-style-type: none"> • Eske gen yon bagay ou te renmen nan istwa Jodi a? • Eske ou kapab imajine ou te la lè istwa sa t'ap rakonte? Kisa ou te wè? • Nan ki fason ou panse sèpan te bay fanm nan manti? Nan ki fason ou panse Satan ba nou manti? • Kouman nonm nan ak fanm nan te reponn lè Bondye te vinn vizite yo jou sa a? • Koman ou reaji lè moun kenbe'w nan fè bagay ki pa bon? • Nan ki fason sa sanble tèt koupe ak jan Adan ak Ev te reponn Bondye? • Kouman ou panse Bondye te santi'l le fanm nan te dezobeyi ak komandman li a? • Nan ki fason nou dezobeyi Bondye, epi nou pran distans nou ak li? • Kouman nou panse Bondye santi'l lè nou fè bagay sila yo? • Kouman nou panse bagay sila yo rive? • Peche mete baryè ant nou menm ak Bondye, epi sa fè anpil move bagay rive nan monn sa a? • Kouman ou te sa nan lavi'w nan jouk sot pase yo? Nan fanmi'w? Kominote'w? • Kisa istwa sa rakonte nou sou moun? Kisa li rakonte nou sou kilès moun Bondye ye? • Kisa Bondye vle ou fè ak bagay ou aprann jodi a?

Pasaj pou istwa a : Jenèz 3:1-13

1.Sèpan se bét ki te pi rize nan tout bét raje Seyè a, Bondye a, te kreye. Li di fanm lan konsa. Eske Bondye te janm di piga nou manje donn tout pyebwa ki nan jaden an? 2 Fanm lan reponn sèpan an. Nou gen dwa manje donn tout pyebwa ki nan jaden an. 3 Men, kanta pou pyebwa ki nan mitan jaden an, Bondye di. Piga nou manje ladan l', piga nou manyen l' menm. Sinon, n'ap mouri.4 Lè sa a, sèpan an di fanm lan. Se pa vre. Nou p'ap mouri kras. 5 Bondye di nou sa paske li konnen jou nou manje ladan l', je nou va louvri. N'a vin tankou Bondye, n'a konn sa ki byen ak sa ki mal.6 Fanm lan gade, li wè jan pyebwa a te bél, jan fwi yo sanble yo ta bon nan bouch. Li santi li ta manje ladan l' pou je l' ka louvri. Li keyi kèk fwi. Li manje, li pote bay mari l' ki manje tou. 7 Manje yo fin manje, je yo louvri, lè sa a, yo vin konnen yo toutouni. Yo pran kèk fèy figfrans, yo koud yo ansanm, yo fè tanga mete sou yo. 8 Jou sa a, solèy te fèk fin kouche lè nonm lan ak madanm li tande vwa Seyè a, Bondye a, ki t'ap pwonmennen nan jaden an. Y' al kache nan mitan pyebwa ki nan jaden an pou Seyè a, Bondye a, pa wè yo. 9 Men, Seyè a, Bondye a, rele nonm lan, li di l'. Kote ou ye? 10 Nonm lan reponn li. Mwen tande vwa ou nan jaden an, mwen pè. M al kache pou ou, paske mwen toutouni. 11 Seyè a, Bondye a, di l'. Ki moun ki di ou te toutouni? Eske ou te manje fwi pyebwa mwen te di ou pa manje a? 12 Nonm lan reponn. Fanm ou te ban mwen an, se li menm ki ban mwen fwi pyebwa a pou m' manje, epi mwen manje l'. 13 Seyè a, Bondye a, mande fanm lan. Poukisa ou fè sa? Fanm lan reponn li. Se pa mwen non! Se sèpan an wi ki pran tèt mwen ki fè m' manje l'.

Mwen santi'm tankou...

Jenèz 37:18-28

Semènn 3	Jozef ak frè'l yo kite jalouzi nan kè yo pou li
Entwodiksyon	Bay chak timoun yo fè desen yon bagay yo sonje ki gen rapò ak sitiyasyon katastwofik yo soti pase ladan l.
Rasinn istwa a	Apre Adan ak Ev te soti nan jaden an, yo te vinn gen pitit. Pitit yo te marye, epi yo te gen pitit, konsa pitit an pitit yo fè menm bagay la. Se konsa te gen yon nonm yo te rele Jakòb ki te gen yon gwo fanmi – li te gen 12 pitit gason! Youn nan yo te rele Jozèf, se li menm papa a te pi renmen. Jozèf te fe yon rèv, epi li te we tout frè l yo vinn bese tèt yo devan l, bagay sila te fe mesye yo move kou conn.
Rakonte istwa a	
Rakonte istwa a yon lot fwa.	Ti Liv: fe Timoun yo plwoye yon moso papye pou yo kapab fè yon ti liv. Yo kapab eki oswa fè desen chak pati nan istwa, konsa yo kapab rakonte l yo menm tou.
Kesyon dekouvèt ak repons yo	<ul style="list-style-type: none"> • Kisa ou te renmen nan istwa nou Jodi a? • M'ap mande poukisa frè Jozèf yo te aji konsa nan bay Jozèf move tretman? • Kisa ou panse jozèf te panse, epi kouman li te santi l le l te anndan pi a? • Eske sa janm rive ou te resevwa tretman jozèf la, epi santi w menm jan ak li? • Kouman sa te ye pou ou? • Eske te genyen yon moun ki t ap chache fè kichòy pou w, nan ba w proteksyon? • Kisa istwa sa rakonte nou sou fason moun trete youn lòt? • Eske istwa sa di nou yon bagay ki gen rapo ak Bondye? • Kisa w ta vle di Bondye kounye a menm? • Kisa Sentespri Bondye ap mande w fè akòz sa w aprann jounen Jodi a?


Pasaj pou istwa a: Jènez 37:18-28

18 Men, anvan Jozèf te rive, yo te gen tan wè l' byen lwen ap vini. Yo fè konplo pou yo touye l'. 19 Yonn di lòt: -Men nonm ki renmen fè rèv la ap vini. 20 Annou wè. N'ap touye l', n'ap jete kadav la nan yonn nan pi yo. Epi n'a di se bèt nan bwa ki touye l'. Konsa n'a wè si sa l' te wè nan rèv li yo va rive vre. 21 Woubenn t'ap koute yo, li t'ap chache yon jan pou sove Jozèf anba men yo. Li di yo: -Piga nou touye l'. 22 Pa fè san koule. Ann voye l' jete nan pi sa a ki nan dezè a. Men, pa leve men sou li. Li t'ap di yo sa paske li te fè lide sove l'anba men yo pou l' te voye l' tounen bay papa l'. 23 Lè Jozèf rive bò kote frè l' yo, yo wete bèl varèz long ak manch ki te sou li a. 24 Yo pran l', yo jete l' nan pi a. Pi a te vid, li pa t' gen dlo. 25 Apre sa, yo chita pou yo manje. Pandan yo leve je yo, konsa yo wè yon kolonn moun Izmayèl ki t'ap vwayaje. Yo te soti Galarad. Chamo yo te chaje ak gonm bwa, lansan ak lami yo t'ap pote al vann nan peyi Lejip. 26 Jida di frè l' yo konsa: -Sa sa ap rapòte nou pou nou touye frè nou an epi apre sa pou nou kache sa? 27 Annou vann li ak moun Izmayèl yo. Konsa nou p'ap bezwen leve men nou sou li. Apre tou, se frè nou li ye, se menm san ak nou. Frè l' yo tonbe dakò. 28 Lè machann Madyan yo vin ap pase, yo rale Jozèf moute sot nan pi a. Yo vann li ak moun Izmayèl yo pou vin pyès lajan. Moun Izmayèl yo menm mennen l' nan peyi Lejip.

Kijan pou w fè Ti Liv blan pou w ekri

Enstriksyon sou kouman w dwe pliye fèy papye a

1. Kase yon fèy papye ki gen fom rektangile. (Kèk fwa nou konn rele fom sila “hot dog” **Oubyen Pliye orizontal**)
2. Pliye li yon lot fwa anko, tankou yon liv. Pliye 1 byen sere.
3. Pliye 1 yon lot fwa. Toujou sere 1 byen sere
4. Pliye fey papye a – kenbe 1 **vetikal**
5. Pliye an de mwatye sou fom “hamburger”
6. Koupe moso nan mitan an kote pliye a
7. Ouvri moso papye a anko
8. Tounen nan longe papye original la
9. Pouse tet chak ti pati yo ansanm, konsa y'ap vinn pliye ansanm
L'ap vinn ba ou yon bel ti liv pou Timoun



Plis move bagay rive

Jenèz 39:11-21

Semènn # 4	Jozèf ale nan Prizon
Entwodiksyon	Mache ak Konfyans: Sa depann ki kantite timoun ki nan gwoup la, San w pa sèvi ak oken metod, chwazi konsa konsa divize timoun yo pou fè de (2) gwoup. (si gen anpil, anpil, timoun , ou kapab fe yo femen je yo). Mande chak timoun pou jwenn yon patne. Youn ap fèmen de je l , epi lot la ap bay direksyon. Apre kèk minit, fe yo chanje wol. Kite timoun yo pataje osije yon lot timoun yo te fè konfyans nan jwèt sila, epi mande yo poukisa yo te gen konfyans nan moun sila
Rasinn istwa a	Apre Jozèf te finn rive nan peyi Lejip, se te yon gwo ofisyé yo te rele Potifa kite achte l. La Bib di Bondye te kanpe ak Jozèf, epi tout sa li te manyen te mache byen nenpot kote li ye. Ta sanble, Potifa te fè Jozèf konfyans nan tout bagay li te genyen. Jozèf se te yon bel jen gason byen kanpe, se poutet sa Madanm Potifa te vle rete ak Jozef, men Jozèf te vle fe Bondye plezi ansanm ak met li Potifa, konsa li t ap di madanm Potifa non. Men li pa tandé, li te damou jozèf pi rèd.
Rakonte istwa a	
Rakonte istwa yon lot fwa.	Voye Ti boul nan ronn: Yon ti boul oubyen lot objè ki mou pou voye nan ti gwoup. Moun ki voye ti boul la ap bezwen pale sou bagay kite pase nan istwa a. Ou kapab sèvi ak yon blad pou w fe jwèt sila, sa ta dwe enteresan anpil.
Kesyon dekouvet ak repsons yo	<ul style="list-style-type: none"> • Kisa ou t ap imajine lè istwa sila t'ap rakonte Jodi a ? • Ki chwa moun nan istwa La Bib sa yo te fe madanm Potifa? Potifa? Jozèf? • Ki lot chwa yo t a kapab fe? • Ki konsekans chwa sila yo te genyen? • Eske yo te kapab fe lot chwa? • Ki chwa lot moun te fe, ki mete w nan sitiyasyon ou ye kounye a ? • Ki Konsekans chwa sila yo genyen? • Ki chwa ou kapab fe nan sitiyasyon ou ye kounye a ? • Kisa ki reive akoz chwa sila yo? • Kouman mwen kapab fè Bondye konfyans nan mitan sa m ap viv kounye? • Ki fason mwen kapab aji le moun pa trete m byen? • Kouman sa ta dwe fè m santi m ? • Kisa istwa sa di nou ki gen rapo ak moun? • Kisa istwa sa di nou ki gen rapo ak Bondye? • Kisa Bondye ap di m epi l ap mande m fè akoz sa m aprann nan istwa as jodi a ? • Eske gen yon moun mwen bezwen rakonte istwa sila nan semenn nan?

Pasaj pou istwa a: Jenez 39:11-21

11 Yon jou, Jozèf vin pou fè travay li nan kay la. Lè sa a pesonn pa t' la: 12 Madanm lan kenbe rad Jozèf, li di l': -Jòdi a, se pou ou kouche avè m'. Lè Jozèf wè sa, li chape kò l' met deyò, li kite rad la nan men madanm lan. 13 Madanm lan menm, lè li wè Jozèf te kite rad la nan men l' pou l' kouri ale deyò, 14 li rele domestik li yo, li di yo: -Nou wè sal! Mari mwen mennen yon ebre nan kay la, men koulye a li soti pou avili m'. Li vini jwenn mwen jouk isit la, li vle pou m' kouche avè l'. Mwen pete rele. 15 Lè li tande m' rele a, msye kouri, li met deyò, li kite rad li la bò kote m'. 16 Madanm lan kite rad la bò kote l', li tann mèt Jozèf la tounen lakay la. 17 Li rakonte l' menm bagay la, li di l': -Esklav ebre ou mennen lakay la vin jwenn mwen jouk isit la pou avili m'. 18 Men, mwen pete yon rèl, li kouri met deyò, li kite rad li bò kote m'. 19 Lè Potifa tande madanm li di l' sa domestik li a te fè l', li move sou Jozèf. 20 Li fè arete l', mete l' nan prizon kote yo fèmen tout prizonye wa a. Se konsa Jozèf twouve l' nan prizon. 21 Men Seyè a te kanpe la avèk Jozèf.

Li moutre l' jan l' te renmen l', li fè chèf prizon an gen Jozèf konfyans.


Mwen santi'm pou kont mwen

Jenèz 40:7-9; 12-15; 21; 23


Semènn # 5	Yo bliye Jozèf nan Prizon an
Entwodiksyon	Sèvi ak tablo ki gen santiman ki nan paj 41, epi mande chak timoun pou yo fè youn oubyen plizyè figi ki nan tablo a. Gade si yo kapab devine kiyès figi sa yo ye. Ki santiman k'ap pase nan tèt yo lè yo t'ap viv sitiyasyon difisil. Kiyès emosyon yo plis genyen kounye a
Rasinn istwa a	Yo te bliye Jozèf nan prizon an pou yon bon ti bout tan. Nan tan sa li te vinn gen zanmitay ak lot prizonye yo, de (2) nan mesye sa yo t ap travay nan palè kote Farawon te rete a (<i>Farawon an se li menm ki te pi gwo chef nan peyi Lejip nan tan sa</i>) Yon jou maten le Jozef we mesye yo kagou anpil. Jozef mande yo s ak pase menm, de (2) mesye yo reponn : Nou te domi, epi nou chak fe yon rev ki simen latwoublay nan lavi n. Sonje Jozèf te fe yon rèv le l te ti jenn gason lakay l papa l. Ann gade kisa jozèf te fè ak rèv sila yo.
Rakonte istwa	
Rakonte istwa yon lot fwa.	Kous Istwa Bib: Fè de (2) gwoup timoun. Chak timoun ki nan gwoup la ap kanpe youn dèyè lot devan yon liy. Lidè gwoup la ap chwazi yon moun pou komanse, ap genyen yon kote pou timoun nan rive, epi l'ap tounen vinn di nan zorèy yon lot ti zanmi nan gwoup li a yon pati nan istwa. Lot timoun yo ki nan gwoup la ap fè menm jan pou jouk tan istwa finn rakonte yon lot fwa.
Kesyon dekouvet ak repons yo	<ul style="list-style-type: none"> • Kisa w te renmen Jodi a nan istwa a? • M'ap mande poukisa bondye ban nou ladres pou n fè rèv. Eske gen yon rèv ou kontinye ap fè menm le w pa nan domi? • Nan ki fason lavi w sanble ak pa Jozèf kote move bagay ap rive youn apre lòt? • Kouman w panse Jozèf te santi l nan fen istwa sa? • Nn ki fason ou santi w konsa? • Ki rèv ou genyen kounye a menm ou espere l ap tounen yon reyalite yon jou? • Kisa istwa sa fè nou konnen ki gen rapo sou Bondye? • Kouman Bondye vle w reponn ak istwa jodi a?

Pasaj pou istwa a: Jenèz 40:7-9; 12-15; 21; 23

7 Li mande yo: -Poukisa nou kagou konsa jòdi a? 8 Yo reponn li: -Nou chak fè yon rèv, men pa gen pesonn isit la ki ka esplike nou rèv yo. Jozèf reponn yo: -Eske se pa Bondye sèl ki ka esplike bagay konsa? Rakonte m' rèv nou yo. 9 Chèf kanbiz la rakonte Jozèf rèv li te fè a, li di l': -Nan rèv mwen an, mwen wè yon pye rezen devan m'. Jozèf di li: -Men sa rèv la vle di: Twa branch yo se twa jou. 13 Nan twa jou, farawon an pral chonje ou, li pral mete ou nan pozisyon ou ankò. Ou pral bay farawon an diven jan ou te konn fè l' anvan lè ou te chèf kanbiz li a. 14 Men, lè tout bagay va mache byen pou ou, pa blyie m'. Tanpri, rann mwen sèvis sa a, pale ak farawon an pou mwen. Fè m' soti nan prizon sa a. 15 Ou wè: se vòlè yo te vòlè m' nan peyi Ebre yo. Isit la menm, mwen pa t' fè anyen pou yo te mete m' nan prizon. 21. Li mete chèf kanbiz la nan plas li ankò pou sèvi l'. 23. Men, chèf kanbiz la pa dòmi reve Jozèf, li blyie l' nèt.



Confident



Confused



Guilty



Happy




Frustrated



Sad



Hopeful



Exhausted




Mischiefous



Frightened



Angry




Lonely



In Love



Anxious



Jealous

Gen lespwa ankò

Jenèz 41:37-43

Semènn # 6	Jozèf soti nan Prizon
Entwodiksyon	Pataje ak gwoup la kèk bagay ou te pèdi paske ou te pran desizyon pou w kanpe yon koz? Eske gen kèk bagay ou te genyen?
Rasinn istwa a	Gen yon pwosesis jeneral oubyen plizyè etap (paj 13) moun pase ladan yo le yo fè eskperryans yon sitiyasyon twomatik. Pran tan pou w gade pwosesis la ak timoun yo nan sa ki gen rapo ak chagren epi chòk la ak timoun yo. Gade si w ka komanse idantifye ki kote yo ye nan pwosesis la. Jozèf te konnen plizyè nan sitiyasyon sa yo nan lavi l. Jozèf poko soti nan prizon. Kounye a Farawon an te fè yon rèv, pa gen yon moun ki te konn kisa rèv sila vle di. Moun ki te konn sevi Farawon diven se le sa li resi sonje Jozef kapab di Farawon sa rev la vle di. Yo voye chache Jozèf mennen bay Farawon, epi li bay yon eksplikasyon korèk pou rev la, epi li di kouman peyi a kapab fe pou gen manje paske gen yon move yan grangou k ap vini.
Rakonte istwa a	
Rakonte istwa yon lot fwa	Jwèt ak kòd: Pran 5 moso kod ki gen long 5 pye konsa, mare yo ansanm pou fè yon bel sèk. Fè timoun yo antre nan mitan tan kòd la. Nan lòd ou, timoun yo ap deplase sou kòd la, epi lè ou di, "Kanpe," moun ki gen bout kote kod la fè yon ne a dwe reponn yon kesyon ou genyen sou istwa nan Bib la w'ap rakonte a oswa di sa ki pral pase nan istwa a.
Kesyon dekouvet ak respons yo	<ul style="list-style-type: none"> • Ki pati w te pi renmen nan istwa Jodi a? • Kouman bagay yo vinn chanje kounye a pou Jozèf ak le nou t ap fenk komanse istwa a? • Eske bagay yo menm Jan an? • Kouman bagay yo te vinn tounen byen pou Jozèf? • Eske genyen bagay ki poko bon net ? • Koman w we Bondye ap travay nan lavi Jozèf? • Koman w we Bondye te komanse ap travay nan lavi w? • Eske istwa sa oubyen diskisyon nou yo di w kèk bagay sou Bondye? • Kisa Sentespri Bondye ap Mande w pou fè kounye a menm? • Kisa w santi k'ap pase nan kè w kounye a menm?

Pasaj pou istwa a: Jenèz 41:37-43

Farawon an ak tout moun pa l' yo te tonbe dakò ak sa Jozèf te di a. 38 Farawon an di moun pa l' yo: -Ki bò nou ka jwenn yon moun ki gen lespri Bondye sou li tankou nonm sa? 39 Farawon an di Jozèf: -Gade tout bagay Bondye fè ou konnen! Pa gen pesonn ki gen plis lespri, osinon plis bon konprann pase ou. 40 M'ap mete ou chèf sou tout peyi mwen an. Se pou tout moun nan peyi a obeyi ou. Se sèlman paske mwen wa kifè mwen menm m'a pi gwo chèf pase ou. 41 Apre sa, farawon an di Jozèf: -Gade, m'ap mete ou chèf pou gouvènen tout peyi Lejip la. 42 Li wete gwo bag ki te nan dwèt li a, li mete l' nan dwèt Jozèf. Li abiye l ak yon rechanj fèt ak bèl twal fen. Li pase yon chenn an lò nan kou l'. 43 Li fè l' moute sou yon cha. Se te pi bèl cha nan tout peyi a apre cha wa a. Li bay gad onè ki t'ap mache devan Jozèf yo lòd pou yo di byen fè: Abrèk. Se konsa farawon an te mete Jozèf chèf sou tout peyi Lejip la.

Kenbe tout bagay anndan'w

Jenèz 45:1-9

Semen # 7	Jozèf rankontre fre li yo nan peyi Lejip
Entwodiksyon	Mande timoun yo pataje kèk nan santiman yo te konnen semen ki te. Eske yo kapab pataje kèk fason nan lavi yo ki sanble ak sa Jozèf te viv?
Rasinn istwa a	Grangou, oubyen pa gen anpil manje, te rive nan peyi kote papa Jozèf ak frè I yo t ap viv la. Plizyè nan frè I yo te desann nan peyi Lejip pou al achte manje pou fanmi yo. Mesye yo p at konnen sa k te rive ak Jozèf, yo p at konnen se li menm ki te gwo chabrak k'ap jere tout bagay nan peyi Lejip. Gwo kay yo te sere manje yo te sou reskonsabilite I. Jozèf te gen yon gwo plan pou tout fanmi I desann nan peyi Lejip, konsa li t ap gen chans wè ti frè I Benjamen ansanm ak papa I Jakòb.
Rakonte istwa	
Rakonte istwa yon lot fwa	Poster: Fè Timoun yo fè yon postè konsa yo kapab rakonte istwa a yon lot fwa.
Kesyon dekouvèt ak repons yo	<ul style="list-style-type: none"> • Kisa w te renmen nan istwa Jodi a? • Kiyès moun yo pale nan istwa sa, di kouman yo rele? • Eske ou kapab we ekspresyon nan figi moun yo? • Ak kisa yo sanble? • Imagine ou se Jozèf. Kouman ou t ap aji ak yo le w vinn kontre ak yo apre yo te finn ba w tout move tretman sila yo? • Kouman Jozèf te chwazi reponn? • Ki lòt fason Jozèf te kapab aji? • Si w jwenn yon blad, Koumanse ba I van, antan w ap fe sa, kanpe, epi pale sou sa ki gen rapo ak tout kalte emosyon Jozèf te kapab santi. Antan blad la vinn pi gwo epi li prèske pete, mande timoun yo kisa ki bezwen fèt pou blad la pa rive pete, epi mande yo ki santiman nou santi k'ap pran rasinn anndan kè nou?" • Ki pi bon fason nou kapab mete yo deyo, yon fason ki bon nèt? • Li nomal pou n gen emosyon; men se sa nou fè ak yo ki kapab kase oubyen fè I vinn pi mal. • Kisa istwa sa di m sou ki moun Bondye ye? • Ki travay Sentespri Bondye ap fè nan kè w kounye a menm t? • Kisa Sentespri Bondye ap Mande w Jodi a menm?

Pasaj pou istwa a: Jenèz 45:1-9

1 Jozèf pa t' kapab kenbe ankò devan tout moun ki t'ap sèvi l' yo. Li di byen fò: -Fè tout moun soti. Se konsa, pesonn pa t' la avèk Jozèf lè li fè frè l' yo rekonèt li. 2 Li te pran kriye byen fò, tèlman fò moun peyi Lejip yo te tande l'. Bri a te rive jouk lakay farawon an. 3 Jozèf di frè l' yo: -Se mwen menm Jozèf. Eske papa m' vivan toujou? Men frè l' yo pa t' kapab reponn li paske yo te boulvèse lè yo wè l' devan yo. 4 Jozèf di frè l' yo: -Pwoche vin pi pre m'. Yo pwoche, li di yo: -Se mwen menm Jozèf wi, frè nou an. Se mwen menm wi nou te vann bay moun ki tapral peyi Lejip la. 5 Men koulye a, nou pa bezwen boulvèse. Nou pa bezwen règrèt nou te vann mwen pou yo mennen m'isit la. Se Bondye ki te voye m' devan pou m' te ka sove lavi nou. 6 Sa fè dezan depi grangou tonbe sou peyi a. Men, p'ap gen mwayen travay latè ni fè rekòt pou senk lanne ankò. 7 Bondye te voye m' vini devan pou ras nou an pa t' fini nan peyi a, pou m' te ka sove lavi nou, pou nou pa mouri. 8 Nou wè. Se pa nou menm ki te voye m'isit la, men se Bondye. Se Bondye menm ki mete m' sèvi yon papa pou farawon an. Mwen se chèf nan tout kay li, se mwen k'ap gouvènen tout peyi Lejip la. 9 Koulye a, prese tounen kay papa m'. Al di l': Men sa Jozèf, ptit gason l' lan, voye di l': Bondye mete m' chèf sou tout peyi Lejip la. Desann vin jwenn mwen. Pa mize.

Sove: Lik 23:44-49, 53, 55; 24:1-7

Semen # 8	Jezi konprann lè moun gen doulè ak lè yo pèdi bagay enpòtan
Entwodiksyon	Eske gen kèk bon bagay ki komanse rive nan lavi w kounye a ou ka pataje ak nou
Rasin istwa a	<p>Timoun, eske nou sonje premye istwa mwen te rakonte nou an? Istwa sa te gen rapo ak yon nonm ki renmen timoun anpil, anpil. Apre anpil lane lè Jozèf te mouri, Bondye te fè pwovizyon pou nonm sila te kapab vinn zanmi nou. Te gen anpil fason Bondye te pwomèt Pèp li a nonm sila, epi finalman pwomès la rive yon reyalite nan epok nwèl – Jezi te fèt tankou yon ti bebe. Te gen gwo mirak ki te fèt nan moman sa pou te kapab fè moun konprann Jezi se te ti bebe espesyal. – Menm zanj nan syèl yo te kontan pou vini di moun sou latè Rwa yo a te fèt. Se konsa Jezi te vinn ap grandi tankou ou menm ak mwen, men li pat janmen fè anyen ki mal – Li pa t janmen fè peche nan je Bondye. Sa se youn nan bagay Jezi pa t ap janmen kapab fè. Li te gen pou l pran yon lanmo sovaj pou mwen menm ak ou te kapab vini zanmi Bondye. Yon lot bagay pou kapab ede w konprann istwa, nan tan lontan lè moun te vle adore Bondye yo te conn ale nan yon kay yo rele Tabènak oubyen Tanp. Te genyen yon gwo rido ki te pwès anpil ki te separe Bondye ak Lom. Nenpot ki moun pa t gen dwa pwoche dèyè rido sila – Sèlman yon moun ki te jwe wol sakrifikatè a ki te dwe antre yon sèl fwa chak ane pou mande Bondye padon pou peche Pèp la.</p>
Rakonte istwa	
Rakonte istwa yon lot fwa	<p>Ti liv pou timoun: Timoun yo ap pran fèy papye a, y ap pliye l epi y ap koupe l pou fè pwòp ti liv pa yo. Apre sa yo kapab ekri oubyen fè desen chak pati nan istwa nan liv yo a, konsa yo kapab rakonte istwa a ak yon lot ti zanmi. (gade nan paj 36 nan liv ou a)</p>
Kesyon dekovèt ak repons yo	<ul style="list-style-type: none"> • Ki imaj ki monte nan lespri w antan w ap tandé istwa sa? • Kisa w te renmen nan istwa sa ? • Mwen pa sispan mande poukisa _____(kite timoun yo ranpli espas vid la) • Ki diferan kalte doulè ou panse Jezi te santi? • M ap mande poukisa Li te fet tout bagay sa yo pou nou. • M ap mande kisa fanm yo te di lè yo te jwenn ko Jezi P at Kavo a. • Si w te youn nan moun ki te we Jezi mouri anwo Kwa a, kouman w t ap santi w? • Kounye a ou anndan Kavo vid la epi ou wè zanj la, li di w Jezi Vivan. Ki santiman ou panse Fanm kite la yo te genyen? • Kouman w t ap ye si w te la – kouman w santi w lèw konnen Jezi gen viktwa sou lanmò, epi li vivan kounye a? <p><i>Fe ekzèsis sila si w konnen timoun yo pa gen pwoblèm pou yo imagine kouman yo te viv sitiyasyon twomatik la.</i></p> <ul style="list-style-type: none"> • Mande timoun yo fèmen je yo, epi di fè tankou n sonje kote n te ye lè katastwòf la • Ki moun ki te la bò kote w? • Ki lot bagay ou te wè? • Ki Santiman ou te genyen lè sa? • Jezi pwomèt pou li ak nou nenpot kote nou ale. Eske Jezi la ak ou • Eske ou kapab Wè l? • Ki ekspresyon li genyen nan vizaj li? • Kisa li vle di w? • Kisa istwa sa di m sou ki moun Jezi ye? • Kisa Bondye vle w kwe oubyen fè akoz sa w te aprann ?

Pasaj pou istwa a: Lik 23:44-49, 53, 55; 24:1-7

Li te midi konsa lè solèy la sispann klere sou tout peyi a jouk vè twazè nan apremidi. 45 Rido ki te nan tanp lan chire fè de moso. 46 Jezi rele byen fò, li di: Papa, m'ap renmèt lespri mwen nan men ou. Apre l' fin di pawòl sa yo, li mouri. 47 Lè kaptenn lame a wè sak te rive, li fè Iwanj Bondye, epi li di: Se vre wi. Nonm sa a te inonsan. 48 Tout moun ki te vini an foul pou asiste espektak sa a te wè sak te rive. Yo tounen al lakay yo, yo t'ap bat lestonmak yo. 49 Tout zanmi Jezi yo te rete yon ti jan lwen ansanm ak fanm ki t'ap mache avè l' yo depi nan peyi Galile. Yo tout t'ap gade sak t'ap pase.

53. Apre sa, li al desann kò a sou kwa a, li vlope l' nan yon bél dra blan, epi li mete l' nan yon kavo yo te fouye nan wòch. Se te yon kavo tou nèf: yo pa t'ankò janm mete pesonn ladan li. 54 Se te yon jou vandredi, repo a tapral kòmanse. 55 Medam ki t'ap mache avèk Jezi depi nan peyi Galile yo te ale ansanm ak Jozèf. Yo wè kavo a, yo wè ki jan yo te mete kò Jezi ladan li.

1. Nan dimanch maten, byen bonè, medam yo ale nan kavo a. Yo te pote lwil santi bon yo te pare pou benyen kò a. 2 Yo jwenn wòch ki te fèmen kavo a te woule byen lwen soti devan bouch kavo a. 3 Yo antre, men yo pa jwenn kò Seyè Jezi. 4 Yo te la konsa, yo pa t' konn sa pou yo te fè lè de moun parèt devan yo ak rad yo byen klere. 5 Medam yo te pè anpil. Yo bese tèt yo atè; men de moun yo di yo konsa: Poukisa n'ap chache moun vivan an nan mitan mò yo? 6 (Li pa isit; li leve soti vivan nan lanmò.) Chonje sa l' te di nou lè l' te Galile a: 7 Moun Bondye voye nan lachè a gen pou tonbe anba men pechè yo; yo gen pou yo klooure l' sou yon kwa. Men, sou twa jou l'ap leve soti vivan ankò.

Yon lòt komansman

Jenèz 50:15-21

Semènn # 9	Jozèf padonnen frè l yo
Entwodiksyon	Fè timoun yo reyalize desen pwop tèt pa yo Jodi a. Si w te kenbe desen yo te reyalize nan twazyèm semen nan, konpare de (2) imaj say o. Si w pa genyen l, ou kapab sèlman mande timoun yo kouman yo santi yo Jodi a ak premye jou lè yo te viv sitiyasyon katastwof la.
Rasinn Istwa a	Dènye fwa nou te pale sou istwa Jozèf la, fanmi li, Frè l yo ak tout fanmi te ale nan peyi Lejip pou yo te kapab reziste kont grangou kite genyen lakay yo. Jakob, papa Jozèf te vinn mouri le sa. Frè Jozèf yo te vinn gen anpil laperèz paske yo te panse Jozèf t a kapab fè yo mal akoz papa pa t ansanm ak vinn mouri. Istwa sa a pral pale nan sa ki gen rapo ak padon. Padonnen yon moun vle di ou pa panse moun sa koupab epi ou pa vle fè l peye pou sa l te fè a. Kapab gen plizyè konsekans moun sa dwe fè fas pou move aksyon li te fè a, men ou pa bezwen jije l
Rakonte istwa a	
Rakonte istwa yon lot fwa	Yon chan tou Nèf: Mande gwoup timoun yo konpoze yon ti chante pou yo kapab rakonte istwa a yon lot fwa. Timoun yo kapab konpoze yon ti chan rap oubyen yon lot rit yo konnen byen.
Kesyon dekouvèt ak repons yo	<ul style="list-style-type: none"> • Kisa w te renmen nan istwa Jodi a? • Nou te aprann anpil bagay ki gen rapo ak lavi Jozèf nan tout bel istwa as yo nou wè a • Pataje kék bagay ou sonje ki te rive nan lavi Jozèf? • Kisa frè Jozèf yo te fè l, epi yo te bezwen mande l padon? • Kiyès ki sonje repons Jozèf te bay frè l yo? Kisa frè l yo te di le sa? • Jozèf te di frè l yo penga yo gen laperèz anko. Eske sa rive gen bagay ou laperèz anko? • Kouman nou kapab sanble ak Jozèf, nan ankouraje youn lot, ki lapawol nou k ap sèvi? • Eske gen yon moun ou bezwen padonnen yon lot fwa? • Kouman Bondye vle w fè sa ? • Kisa istwa sa di nou sou ki moun Bondye ye? • Kisa istwa sa di nou sou moun ? <ul style="list-style-type: none"> • Kisa Bondye vle w fè ak tout bagay ou aprann nan istwa sa , epi tout sa w te aprann nan lòt istwa nou fè ansanm yo?

Pasaj pou istwa a: Jenèz 50:15-21

Apre lanmò papa yo, frè Jozèf yo di: -Ou pa janm konnen. Jozèf ka kenbe nou nan kè, li ka fè nou peye tout sa nou te fè l' yo. 16 Se konsa yo voye di Jozèf: -Men komisyon papa te ban nou pou ou anvan l' te mouri: 17 Men sa n'a di Jozèf pou mwen: Tanpri, padonnen krim frè ou yo te fè ou la. Padonnen peche yo paske yo te fè ou mal anpil. Koulye a atò, tanpri, padonnen mal nou te fè ou la, nou menm k'ap sèvi Bondye papa ou la. Lè Jozèf tande pawòl sa a, li pran kriye. 18 Apre sa, frè l' yo vini yo menm menm, yo bese tèt yo jouk atè devan li, yo di l' konsa: -Men nou pote tèt nou pou nou sèvi ou domestik. 19 Jozèf di yo: -Nou pa bezwen pè. Mwen pa kapab pran plas Bondye. 20 Nou te moute konplo pou fè m' mal. Men Bondye fè sa tounen yon byen, pou l' te fè sak rive jòdi a rive, pou l' te ka sove lavi tout kantite moun sa yo.

APENDIS

Pran swen Tèt pa'w

Antanke yon moun k'ap bay swen ak yon timoun oswa yon gwoup timoun ki te sibi yon chok twomatik, li enpòtan pou ou menm k'ap pran swen timoun yo pran swen pwop tèt paw. Sa a se pa egoyis; menm sa pèmèt ou gade si ou vin twò fèb: nan ko fizik ou, emosyonèlman ak espirityèlman, konsa gen dwa pa gen yon lot moun ki rete pou pran swen timoun yo Bondye konfye'w. Jezi te toujou ap sèvi moun kite bò kote l men te jwenn tan pou li te ale nan prezans Papa Bondye, epi pou disip li yo. Si nou vle swiz ekzanz Jezi a, nou bezwen pratike prensip li te kenbe pou'n pran swen tèt nou epi nan rete konekte nan travay papa Bondye a.

Men kèk Prensip de baz nou dwe swiv:

- **Sonje:** Bondye chwazi w tankou yon anbasadè pou montre lanmou li ak konpasyon'l . Soonje se li menm k'ap pote gerizon, se pa ou menm. Selman ou gen privilèj pou reprezante'l bo kote timoun yo.
- **Reflechi:** Gade nan laviw' divès fason Bondye konn dirijew epi jan li travay nan ou. Sa ta dwe ranfose lafwa pou vanse pi devan.
- **Adorasyon:** David ak Pol se de (2) gwo ekzanz nan Bib la nan moun kite nan moman nwa men yo pa't janm sispan chante, epi di Bondye mesi nan adorasyon. Yo te bay Bondye remesiman nan mitan sikontans difisil yo.
- **Ranfosman:** Koute sa ka'p pase nan lavi timoun yo (emosyon yo ak istwa yo) Men pa mete tankou yo sak sel sou do ou.
- **Repoze w:** Se pou ou konsyan sou kantite tan ou pase nan tande ak ede Timoun yo nan travay istwa lavi yo. Ou kapab ale fe yon ti mache, tande bel ti mizik pou ou kapab twalet lespriw, epi fe bon jan ti domi.
- **Gade Kontak:** Manje ak fanmiw chak jou, epi mete yon tan disponib pou moun ou renmen epi k'ap pran swen w.
- **Lapriye:** Rete konekte ak Papa Bondye. Pran tan pou w tande sa Sentespri ap pote nan lavi w tankou rekonfo ak kouraj jan Bondye te pwomet yo a. Si sa posib ekri nan yon kaye saw panse ak saw santi k'ap travese lavi w.
- **Bay Blag epi pran tan pou w Ri:** Le yon moun ri se yon bon terapi. Chache kek bon jan fason pouw ri chak jou. Sa ka rive ou gen yon blage ou renmen anpil oubyen jwenn kontak yon nan ekip moun k'ap ede w nan pote ankourajman ak lide tou nèf, epi ki k'ap fèw griyen dan.
- **Pespektiv:** Menm jan yon blese nan ko pran tan pou l rive geri, se menm jan gerizon annapre yon sitiyasyon kriz. Gerizon se yon pwosesis – Sa pap janm rive fèt nan yon sèl sware. Rete ak lajwa nan ke w – Sa vle di plis bagay pase yon kontantman. Lajwa se yon emosyon ki pote lespwa; se gade opotinite ki genyen pou w jwenn sa w'ap chache. Jezi se yon nonm ki te gen lajwa – Ou menm tou kenbe menm pèspektiv sa.

Seri Istwa sou Twoma

Istwa lè w'ap chache Refij

Bondye mete Adan ak Ev deyò nan jaden	Jenèz 3:22-24
Istwa Kayen	Jenèz 4:10-16
Istwa Noye	Jenèz 7:1-10
Istwa gwo kay lavil Babèl la	Jenèz 11:1-9
Istwa Abraram	Jenèz 12:1-9
Ismayèl ak Aga kite kay la	Jenèz 21:8-21
Istwa Moyiz	Ekzod 2:11-22
Mache nan dezè a	Nonb 13-14
Istwa David	I Samyèl 19
Istwa Eli k'ap kouri chape paske lavi'l an danje	I Rwa 19:1-8
Istwa Danyèl	Danyel 1
Istwa Mari\ Jozèf ak ti Jezi	Matye 2:7-15
Istwa sou lavi Pòl	Travay 23:12-35

Istwa ki gen rapo ak sitiyasyon twomatik

Jozèf vann kòm esklav	Jenèz 37:12-35
Pèp izrayèl lanmè wouj	Egzòd 13:17-14:31
Elize ak fanm vèv	2 Rwa 4:1-6
Elize resiste ptit gason vèv	2 Rwa 4:18-37
Gwo founèz dife	Danyèl 3:8-30
Danyèl nan fos lyon an	Danyèl 6:14-24
Job ap plenn sol'	Job 1:13-22
Jezi kalme yon gwo tanpèt	Matye 8:23-27; Mark 4:35-41; Luke 8:22-25
Istwa bon Samariten an	Lik 10:25-37
Mache sou dlo	Matye 14:22-33; Mark 6:45-52
Ti gason banbochè a	Lik 15:11-32
Jezi ap priyè nan yon Jaden	Matye 26:36-46; Mark 14:32-42

Istwa pou kalme enkyetid moun

Bondye sove moun pa li yo	Ekzod 14:1-14
Pèp la refize ale nan peyi Bondye te pwomèt la	Nonb 13:25-14:4
Pep Izrayèl gen lapèrèz pou antre yon lot fwa	Jozye 1:1-9
Eli sove ale Sinayi	1 Rwa 19:1-8
Elize pote yon vèv sekou	2 Rwa 4:1-8
Elize ak zanj nan lame Seyè a	2 Rwa 6:8-23
Bondye defann moun pal' yo devan enmi yo	2 Kwonik 20:1-19
Jezi geri yon nonm kite avèg	Jan 9
Jezi mache sou dlo	Matye 14:22-33; Mark 6:45-52
Jezi kalme yon gwo tanpèt.	Matye 8:23-27; Mark 4:35-41; Luke 8:22-25
Pol nan lavil Korent	Travay 18

Istwa sou kouman Bondye pran swen moun nan move tan tankou: Grangou, Swaf, Sechrès

Abraram resewva twa vizitè	Jenèz 12:1-3; 17:1-6, 15-19; 18:1-14; 21:1-2
Bondye di Jozèf gen yon grangou k'ap vini	Jenèz 41:15-32
Jozef fe pwovizyon pou tan grangou	Jenèz 41:33-36, 46-49, 53-57
Bondye bay moun ki swaf yo dlo	Ekzod 15:22-27; 17:1-6
Bondye bay moun ki grangou yo manje.	Ekzod 16:2-3, 9-15
Eli fè pwovizyon pou yon vèv nan tan grangou	1 Rwa 17:1, 8-16
Bondye voye lapli pou fini ak yon sezon sèk	1 Rwa 17:1, 18:41-45
Ana resewva de fwa sa li te dwe jwenn	Levitik 7:11-21; 1 Samuel 1:1-28
Abigayil fe pwovizyon ak anpil sajes	1 Samyèl 25:1-42
Bondye itilize zwazo ak yon zanj pou pran swen pwofèt li	1 Rwa 16:30-31, 33; 17:1-6; 19:1-18
Moun ki gen maladi lalep separe manje yo	2 Rwa 6:24-7:20
Danyèl ak zanmil' yo manje ak anpil sajès	Danyèl 1:1-20
Jezi fe lapriyè nan dezè a san'l pa manje	Matye 4:1-11; Mark 1:12-13; Luke 4:1-13
Jezi manje ak moun movèz vi lakay Matye	Matye 9:9-17; Mark 2:13-22; Luke 5:27-39
Fanm movèz vi a lakay Simon nan moman dènye manje jounen an	Lik 7:36-50
Laza – Yon pov ki t'ap mouri grangou	Lik 16:14-15, 19-31
Nonm kite gen lajan anpil epi tèt li pat' byen an	Lik 12:13, 15-21
Ti Banbochè ki t'ap mouri grangou a pran konsyans	Lik 15:1-2, 11-32
Manje pou yon gwo foul moun kite grangou	Matye 14:13-21; Mark 6:30-44; Lik 9:10-17; Jan 6:1-15
Gwo festen an ak envite ki pa reponn yo	Lik 14:15-24
Jezi – Eske nou gen kichoy pou'n manje?	Lik 24:13-49; Mark 16:14
Manje pou disip yo bo lanmè a	Jan 21:1-18
Yon plas bo tab lagras la pou'w	Ezayi 25:6; Matye 22:2-14; Luke 22:27-30
Disip yo voye sipo pou ede moun ki grangou	Travay 11:27-30

Istwa sou kouman Bondye bay Lespwa

Yon nom jwenn benediksyon Bondye	Jenèz 11:27-12:8; 15:1-6; 18:1-14; 21:1-5; 22:1-18
Bondye rekonfote yon nonm kite pou kol'	Jenèz 25: 21-34; 27:1-47; 28:10-22
Bondye bay benediksyon nan prizon	Jenèz 37:1-36; 39:1-41:44; 45:5; 50:20
Bondye we soufrans pep li a	Egzod 1-4; 9:13-14; 14:21-22
Delivrans nan yon sitiyasyon moun p'at espere	Jenèz 13:17-14:31
Gerizon anba sepan kite gen pwazon yo	Nomb 21:4-9
Lespwa pou yon fanm ak tout kay li	Jozye 2:1-21; 6:22-25
Grangou fini pou yon vev	1 Rwa 17:1-16
Bondye voye lapli pou kaba yon sezon sèk	1 Rwa 17:1; 18:1-45
Lespwa pou yon vanyan solda kite gen Lalèp	2 Rwa 5:1-19
Yon nonm kite fidèl soti vivan nan lanmo	Danyel 6:1-26
Yon moun pou soufri nan plas nou	Ezayi 53:1-12
Yon Sovèl yon Limyè	Matye 1:18-25; 2:1-2, 11; Lik 1:26-38, 2:4-40
Sove nan yon tanpèt	Mak 4:35-41
Libere anba yon Lespri Mechan	Mak 5:1-20
Lespwa pou yon nonm kite Kokobe	Jan 5:1-15
Sekou yon bon vwazen	Lik 10:25-37; 2 Kings 17:24-41
Lespwa ak Padon pou yon peche	Lik 7:36-50
Lespwa pou yon fanm kite gen yon san k'ap koule san rete	Mak 5:21-34; Leviticus 15:25-28
Yon nonm kite avèg we anko	Mak 10:46-52; John 9
konpasyon pou moun ki nan grangou	Mak 6:30-44
Lavi pou sila yo ki mouri	Jan 11:1-45
Pawol lespwa ak rekonfo	Mak 10:33-34; Luke 22:15-20; Jan 13:33-14:21
Jezi Mande papa padon pou yo	Lik 22
Kisa nou dwe fè pou nou sove	Lik 14:16-24; 15:1-2, 11-24

Tout soufrans ak lapenn ap fini

Revelasyon 7:9-17; 20:15; 21:3-4, 27;
22:1-5, 8, 14

Mande Bondye pote nou Sekou

Mak 1:40-45; Luke 7:1-10;
Lik 18:35-43

Ann di Bondye mesi pou sekou li

Lik 17:11-19; John 12:1-8

Istwa pou ede sila yo ki nan bezwen

Istwa pitit fi Farawon

Ekzod 2:1-10

Istwa sou bonte Rarab

Jozye 2:1-7

Istw Elize nan chann ki piwo a

2 Rwa 4:8-10

Istwa Senk ti pen ak de ti pwason an

Jan 6:1-13

Legliz Masedwan yo fe Gwo kolèt

2 Korent 8:1-7

Istwa sou katastwof naturel

Istwa Noye ak gwo inondasyon an
Bondye pap janm detwi late ak gwo dlo

Jenèz 7:11-24; 8:1,15-21;

Jenèz 9:8-16

Trambleman latè lè jezi te mouri

Matye 27:51-56

Trambleman latè lè gwo woch la te woule

Matye 28:1-10

Bondye itilize trambleman late pou libere Pol ak Silas

Travay 16:22-34

Kannot chavire ak Pol ansanm ak konpayon li yo

Travay 27:14-20, 33-38, 41-44



kids around the world

4750 Hydraulic Rd!

Rockford, IL 61109

www.kidsaroundtheworld.com!